

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salasihiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Méthode nya éta seperangkat wawasan filosofis pikeun ngahontal tujuan panalungtikan (Maryaéni, 2005: 23).

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, dina ieu panalungtikan digunakeun méthode déskriptif.

Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu mangrupa akumulasi data dumasar kana cara ngadéskripsikeun wungkul, teu nguji hipotesis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi. Dina ma'na nu léga ieu méthode téh sering digunakeun dina panalungtikan survey (Suyatna, 2002: 14).

Ieu méthode déskripsi téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan ajén-inajén éstétika nu aya dina upacara Sérén Taun. Garapanana museur kana runtuyan upacara sarta ajén-inajén éstétika dina prak-prakan upacara jeung pakakas nu digunakeun.

#### 3.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi dua, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

#### **3.2.1.1 Téhnik Ulikan Pustaka**

Téhnik ulikan pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar téori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

#### **3.2.1.2. Téhnik Obsérvasi**

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik anu digunakeun pikeun niténan jeung nangtukeun anggota sampel. Ku ayana obsérvasi bisa ngabandingkeun masalah nu dirumuskeun jeung kanyataanana di lapangan, maham kana pasualan pikeun meunangkeun jawaban nu baris dipedar, sarta pikeun stratégi nyokot data jeung wangun meunangkeun pamahaman nu dianggap paling pas (Maryati, 2005: 68).

#### **3.2.1.3. Téhnik Partisipasi**

Partisipasi nu istilah séjénna kalibet atawa *keterlibatan langsung*, mangrupa kagiatan nu wajib dilakukeun ku panalungtik nu aya patalina jeung panalungtikan kualitatif dina raraga ngumpulkeun data. Salasahiji karakteristik ieu panalungtikan nya éta langsung kalibet pikeun niténan sacara langsung aspék-aspék jeung hal-hal di luar kontéks panalungtikan.

#### **3.2.1.4. Téhnik Wawancara**

Wawancara mangrupa salasihiji cara nyokot data nu dilakukeun ngaliwatan kagiatan komunikasi lisan dina wangun terstruktur, sémi terstruktur, jeung teu terstruktur. Wawancara nu terstruktur mangrupa wangun wawancara nu geus ditangtukeun ku sajumlahing pertanyaan-pertanyaan nu geus matok. Dina wawancara sémi terstruktur mah sanajan wawancara geus ditangtukeun ku sajumlahing pertanyaan-pertanyaan, teu nutup kamungkinan bisa aya deui pertanyaan-pertanyaan anyar nu idéna spontan luyu jeung kontéks obrolan nu dilakukeun. Dina wawancara nu teu terstruktur, panalungtik ukur museur kana puseur-puseur pasualan wungkul, bari teu kaket ku format-format nu geus ditangtukeun sacara matok (Maryati, 2005: 70).

Téhnik wawancara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina icu panalungtikan nya éta wawancara sémi terstruktur. Wawancara dilakukeun ka informan (warga, sesepuh adat Cigugur Kuningan).

#### **3.2.1.5. Téhnik Dokuméntasi**

Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun informasi, dokumén-dokumén, data-data, ku cara ngarékam ngaliwatan kaméra jeung tip rékorder nu satuluyna disimpen pikeun arsip/dokuméntasi.

### **3.2.2. Téhnik Analisis Data**

Analisis data mangrupa kagiatan: 1) ngaruntuykeun data luyu jeung pasualan atawa runtuyan pamahaman nu hayang dihontal; 2) ngabagi data dumasar kana papasinganana, katégorina luyu jeung kabutuhan panalungtik; jeung 3) ngainterprétasi sagala hal luyu jeung kapentingan panalungtikan nu hayang dihontal.

### **3.3. Sumber Data (Populasi jeung Sampel)**

#### **3.3.1. Populasi**

Populasi nya éta sakumna objék/sumber data nu bakal ditalungtik dina hiji panalungtikan, boh nu mangrupa barang, manusa, kajadian, boh mangrupa gejala-gejala nu bakal kaalaman (Suyatna, 2002: 10). Ari objékna nu aya dina éta populasi téh kudu ditalungtik, hasilna dianalisis, dicindekkeun, sarta éta kacindekan téh dipaké pikeun sakabéh populasi (Arikunto, 1996:103).

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan.

#### **3.3.2. Sampel**

Sampel nya éta sabagian atawa wakil tina populasi nu ditalungtik (Arikunto, 1996: 104). Anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta ajén éstétika nu nyampak dina upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan.

### **3.4. Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (leuwih lengkep jeung sistematis) nepi ka datana leuwih babari diolah (Arikunto, 1996: 136). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kaméra (*handycam*), jeung tip rékorder.

#### **3.4.1. Kaméra**

Kaméra digunakeun dina waktu ngadokuméntasikeun prak-prakanana upacara Sérén Taun. Kaméra nu digunakeun nya éta kaméra foto jeung *handycam*.

#### **3.4.2. Tip Rékorder**

Tip rékorder digunakeun nalika ngarékam obrolan-obrolan anu jadi katerangan-keterangan ngeunaan upacara Sérén Taun waktu wawancara.

#### **3.4.3. Padoman Wawancara**

Wawancara dilakukeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disadiakeun dina lambaran wawancara mangrupa kisi-kisi daftar pertanyaan anu patali jeung kabutuhan panalungtik atawa masalah anu rék ditalungtik.

### **3.5. Léngkah-léngkah Panalungtikan**

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Léngkah tatahar;
- 2) Léngkah ngumpulkeun data;
- 3) Léngkah nganalisis data; jeung
- 4) Léngkah nyusun laporan.

#### **3.5.1. Léngkah Tatahar**

Léngkah munggaran anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngumpulkeun sumber bahan kajian;
- 2) Néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik;
- 3) Ngajukeun judul jeung rangkay panalungtikan;
- 4) Nyieun proposal panalungtikan;
- 5) Ngaréngsékeun surat izin panalungtikan;
- 6) Konsultasi ka Dosén Pangaping.

#### **3.5.2. Léngkah Ngumpulkeun Data**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) Ngalaksanakeun obsérvasi;
- 2) Ngadokuméntasikeun sarta ngainpéntarisir data nu kacangking;
- 3) Ngumpulkeun data;
- 4) Ngayakeun wawancara;

- 5) Konsultasi ka Dosén Pangaping.

### 3.5.3. Léngkah Nganalisis Data

Data nu geus kakumpulkeun satuluyna dianalisis dumasar kana téhnik nganalisis data. Ieu kagiatan téh ngawengku:

- 1) Mariksa sarta ngaidéntifikasi data-data nu geus kakumpulkeun;
- 2) Nganalisis jeung nafsirkeun data;
- 3) Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.

### 3.5.4. Léngkah Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa léngkah anu pamungkas dina ieu panalungtikan. Hasil panalungtikan dipasing-pasing, anu satuluyna dianalisis. Ieu panalungtikan téh disusun dumasar kana sistematika nulis karya ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia nu panganyarna dina wangun skripsi.

Anapon sistematika dina nyusun ieu laporan nya éta:

- 1) Bab I Bubuka;
- 2) Bab II Kabudayaan, Sérén Taun, jeung Ajén Éstétika;
- 3) Bab III Metodologi Panalungtikan;
- 4) Bab IV Ajén Éstétika dina Upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan;
- 5) Bab V Kacindekan jeung Saran.

